

CHAPIT 7

Chèche konnen istwa medikal yon fanm ansent

Nan chapit sa a:

**Kesyon ki nan istwa medikal yon fanm ansent.....86**

Does she have signs of pregnancy? . . .	86	Has any medicine ever given her problems? . . . . .	103
How pregnant is she now? When is the baby due? . . . . .	88	What else in her life might affect her pregnancy and birth? . . . . .	104
How old is she? . . . . .	90	Money . . . . .	104
How many children has she had? . . . .	90	Living conditions . . . . .	104
Has she had any miscarriages or abortions? . . . . .	91	Distance from care . . . . .	104
Has she had any problems with past pregnancies or births? . . . . .	93	Work . . . . .	105
Is she healthy? . . . . .	97	Family . . . . .	105
Malaria. . . . .	98	Making a transport plan. . . . .	106
HIV and AIDS . . . . .	99		
Has she been vaccinated against tetanus? If yes, when? . . . . .	101		
Is she taking any medicines now? . . .	103		

# Chèche konnen istwa medikal yon fanm ansent

## CHAPIT 7

Pou ou ka bay yon fanm ansent bon swen, ou dwe chèche konnen istwa medikal li, kouman sante li te ye anvan gwosès la, lòt gwosès ak akouchman li te genyen anvan sa. Ou bezwen konnen tou kouman li santi li avèk gwosès sa a? Yo rele sa istwa medikal.

Lè ou konnen istwa medikal yon fanm ansent, sa ap pèmèt ou bay li konsèy ki pou ede gwosès la ak akouchman an pase byen.

Pi bon jan pou ou konnen istwa medikal yon fanm, se mande pou ou mande l. Lè ou fèk kontre avèk li, li ka pa twò alèz pou li pale avèk ou. Lè ou remake li yon jan timid pou palede kò li oswa pou pale koze sèks, li ka yon jan difisil pou li di ou enfòmasyon ou bezwen konnen sou sante li. Chèche yon jan pou ou mete li alèz: pran san ou pou ou koute lè l ap pale, reponn kesyon li, pa al rakonte pawòl lavi prive li ak lòt moun, epi ba li respè lè ou ap sèvi avèk li.

Nan chapit sa a, ou ap jwenn kesyon pou ou poze fanm nan yon fason pou ou ka aprann plis enfòmasyon sou kondisyon sante l. Petèt ou gen lòt kesyon ou ta renmen poze, anplis sa nou ekri la a. Pa egzanp, si gen moun nan zòn nan ki fè maladi epatit B, li ta bon pou ou mande fanm nan si li fè epatit B, oswa ou ka di li kouman pou li evite maladi sa a. Eseye sonje tout enfòmasyon ou bezwenkonnen pou ou ka ba li bon swen. Ki kesyon ou abitye poze yon fanm ansent?

Si ou kapab, ekri sou papye tout enfòmasyon ou aprann sou fanm ansent lan. Ou ka bezwen enfòmasyon sa yo pi devan nan gwosès la, osinon lè li gen tranche, oswa lè l ap akouche.

Aprè ou fin aprann istwa medikal fanm nan, epi chak fwa ou gen yon vizit avèk yon fanm ansent, ou dwe egzaminen li pou gwosès la. Chapit ki ap vin apre nan liv sa a, chapit 8, pral eksplike ou kouman pou ou egzaminen yon fanm ansent.



## Kesyon ki nan istwa medikal fanm ansent

### Èske li sanble li ansent?

Gen kèk siy ki byen klè – sa vle di tout moun wè byen klè fanm nan ansent. Gen lòt siy ki pa fin twò klè – yo di petèt fanm nan ansent, men siy sa yo ka vle di yon lòt bagay tou.


### Siy ki di, Petèt fanm nan ansent

Fanm nan pa gen règ li chak mwa ankò. Anpil fwa, sa a se premye siy ki endike fanm nan ansent. Men ki lòt bagay ki ka fè fanm nan pa gen règ li: li pa manje bagay ki gen bon nitrisyon, pwoblèm tèt chaje (pwoblèm emosyonèl), oswa menopoz.




**Fanm nan gen kè plen oswa li ap vomi.** Anpil fanm ansent gen kè plen lematen (se sa ki fè gen moun ki rele sa “maladi di maten”), men gen lòt fanm ki ka gen kè plen pandan tout jounen an. Fanm nan gen kè plen an sitou nan 3 premye mwa gwoès la. Men lòt bagay ki ka fè fanm nan gen kè plen: maladi oswa parazit.

**Fanm nan santi li fatige epi li renmen dòmi lajounen.** Sa rive anpil sitou ant 3 ak 4 premye mwa gwoès la. Lòt bagay ki ka fè sa se: anemi (gade paj 116), manje ki pa gen bon nitrisyon, pwoblèm tèt chaje (pwoblèm emosyonèl),




**Fanm nan ap pipi souvan.** Sa a rive pi souvan nan premye 3 mwa yo epitou nan youn (1) oswa 2 dènye mwa gwoès la. Men ki lòt bagay ki ka fè fi a pipi souvan: estrès, enfeksyon nan vesi (gade paj 128), dyabèt (maladi sik – gade paj 115)

**Vant fanm nan ap gwosi.** Apre 3 oswa 4 mwa, tout moun ka wè vant lan vin pi gwo. Men ki lòt bagay ki ka fè vant fanm nan ap gwosi: fanm nan gen kansè, oswa yon lòt maladi ki ap devlope nan vant li, oswa fanm nan ap vin pi gra



**Tete fanm nan vin pi gwo.** Tete fanm ansent lan vin pi gwo pou li ka koumanse prepare fè lèt pou li bay ti bebe a. Men ki lòt bagay ki ka fè tete l vin pi gwo: tete yo abitye vin pi gwo anvan fanm nan gen règ li chak mwa



**Fanm nan santi pitit la ap fè ti mouvman andedan vant li.**

Anpil fanm koumanse santi pitit la ap fè mouvman depi sou 16 rive 20 semenn nan gwosès la (apre 4 oswa 5 mwa). Men lòt bagay ki ka fè fanm nan santi mouvman nan vant li: gaz nan vant.

**Men siy ki fè konnen lè fanm nan ansent tout bon**

**Fanm nan santi pitit la ap bay gwo sakad nan vant li.**

Anpil fanm koumanse santi pitit la ap voye pye lè yo gen 5 mwa ansent.



**Ou ka rekonèt kò pitit la andedan vant lan.** Depi sou 6 a 7 mwa, yon fanmsaj ki gen bon konprann ka manyen vant manman an epi l ap rekonèt tèt, kou, do, men, dèyè ak pye pitit la.

**W tande kè pitit la ap bat.** Apati de 5 oswa 6 mwa gwosès la, ou ka tande kè a ap bat si ou sèvi avèk aparèy ki fèt pou sa, tankou aparèy ki rele estetoskòp. Rive sou 7 oswa 8 mwa, yon fanmsaj ki gen bon konprann ka tande batman kè pitit la lè li mete zòrèy li sou vant fanm nan (gade paj 139).



**Yon egzamen medikal montre fi a ansent.** Egzamen sa a kapab fèt avèk zouti lakay oswa nan yon laboratwa avèk enpe pipi oswa avèk san fanm nan. Egzamen nan laboratwa a ka koute chè, epi li pa vrèman nesèsè. Sepandan, egzamen nan laboratwa a ka itil pa egzanp, si fanm nan bezwen konnen èske se vre li ansent - anvan li deside si pou li pran kèk kalite medikaman ki ta ka bay pitit la pwoblèm.



## Depi ki lè li ansent? Ki lè l ap akouche?

Lè fanm ansent lan vini pou premye vizit li, chèche konnen konbyen mwa li genyen depi li ansent. Sa ap tou pèmèt ou jwenn ki lè pitit la ka fèt (lè akouchman an). Gen 3 jan pou ou jwenn konbyen mwa fanm genyen depi li ansent, epi ki lè pitit la ka fèt:

- Sèvi avèk dat li te gen dènye peryòd li
- Mezire gwosè vant lan
- Fè fanm nan al fè yon sonografi

**Atansyon:** *Se pa yon pwoblèm si pitit la ta fèt 3 semenn anvan oswa 2 semenn apre dat fanm nan ta dwe akouche a*

## Sèvi avèk dènye dat li te gen peryòd li pou ou konnen ki lè li ap akouche

Si fanm nan toujou gen peryòd li chak 4 semenn, gwosès la ap koumanse 2 semenn apre premye jou peryòd la. Pou ou konnen si ou ka sèvi avèk dat sa a pou ou jwenn dat akouchman an, gen 3 kesyon pou ou poze manman an:

1. Èske peryòd ou te toujou konn vini a lè, yon (1) fwa chak 4 semenn (yon fwa pa mwa)?
2. Èske dènye règ la te vini kòm alòdinè (pa twò klè, pa twò epè)?
3. Èske ou sonje dat premye jou dènye règ la te vini?


Si fanm nan di “non” pou nenpòt nan kesyon sa yo, ou pa ka sèten metòd sa a ap ba ou yon dat ki kòrèk pou akouchman an.

Si li reponn “wi” pou tout kesyon yo, ou ka jwenn ki dat l ap akouche ak tout konbyen tan li genyen depi li ansent.

Sonje yon gwosès dire 40 semenn oswa 280 jou. Sa fè anviwon 9 mwa oswa 10 lalin soti depi lè li te gen dènye règ li.



## Sèvi avèk yon kalandrye pou ou jwenn dat akouchman

Ajoute 9 mwa ak 7 jou sou jou li te gen dènye règ li. (W retire 3 mwa ak 7 jou; ou ap jwenn menm dat la.) Pou ou ka wè yon lòt bon fason ou ka sèvi ak dat dènye règ la pou ou jwenn dat akouchman an, gade paj 527.



**Pou ou jwenn konbyen tan fanm nan genyen depi li ansent,**

Pran premye jou nan dènye mwa li te gen règ li, epi konte konbyen semenn ki pase depi jou sa a pou rive jou vizit jodi a.



**Sèvi avèk lalin nan**

Si ou pa sèvi avèk kalandrye, ou ka sèvi avèk lalin nan pou ou jwenn dat akouchman an. Si fanm nan abitye gen règ li chak lalin (chak 4 semenn), pitit la ap fèt 10 lalin apre premye jou dènye mwa li te gen règ li. Si règ fanm nan te koumanse nan yon ka (1/4) de lin, pitit la ap fèt 10 ka (1/4) de lin apre. Si règ la te koumanse nan yon nouvell lin, pitit la ap fèt apre 10 nouvell lin.


**Pa egzanzp:**



Si règ la te koumanse nan yon plèn lin,



Petèt li te ansent nan yon nouvell lin.



Pitit la ap fèt 10 lalin apre premye jou li te gen dènye règ li.



Nan ka sa a, 10 plèn lin apre premye jou li te gen dènye règ li.


pregnancy

## Mezire vant lan

Lè yon fanmsaj vin abitye, li ka manyen gwosè vant fanm nan pou li konnen depi konbyen tan fanm nan ansent. Sèvi avèk metòd sa a lè:

- Fanm nan pa sonje ki lè dènye règ la te koumanse.
- Li pa abitye gen règ li menm lè a tout tan.
- Lè fanm nan vin ansent lan, li t ap bay pitit tete, epi li pat konn gen règ tout tan.

Gen de (2) jan pou ou mezire vant lan. Nan 12 premye semenn (3 mwa) gwosès la, ou ka fè yon egzamen ak de (2) men ou pou ou mezire matris la andedan bouboun nan (gade paj 384). Apre 3 mwa, ou ka mezire vant lan sou deyò (gade paj 130).



## Fè yon sonogram

Yon aparèy sonogram (oswa ultrason) sèvi avèk son ki andedan vant lan pou pran foto ti bebe a nan matris la. Lè yon sonogram fèt sou 3 mwa gwosès la, se yon mwayen ki sèten pou montre depi konbyen tan fanm nan ansent. Sonogram nan pa ta dwe yon pwoblèm pou pitit la, men li koute chè, epi se pa yon bagay ki toujou nesesè.

## Ki laj li?

Kèlkeswa laj fanm nan, gwosès la ka ba li pwoblèm. Sepedan, fanm ki trè jèn oswa ki trè aje gen chans pou yo gen plis pwoblèm. Fi ki ansent anvan yo gen 17 tan ka pat gen tan pou yo fin grandi yo menm. Basen ti fi kapab pat gen tan devlope ase pou li ta fè pitit la san pwoblèm.

Konsa tou, fi ki trè jèn gen plis chans pou yo pa gen pwoblèm tankou eklanssi, tranche long, oswa akouchman anvan lè. Fanm ki fè pitit nan bonè ka fè bon jan manman ki renmen pitit yo, men anpil ladan yo ap bezwen bon konsèy ak bon jan sipò.



Lòt manman yo ka gen plis pwoblèm ak gwosès oswa lè yo ap akouche. Li ta pi bon pou ni fi ki ap fè pitit bonè ni fanm ki ap fè pitit nan ta pou yo ale akouche nan yon lopital olye pou yo ta fè pitit la lakay.


## Konbyen pitit li fè deja?

Fanm ki gen tan fè youn (1) oswa de (2) pitit deja, epi ki te fè timoun yo vivan ak an bon sante, ta dwe gen mwens pwoblèm lè yo ap fè lòt pitit.

Lòt fanm ka gen plis pwoblèm. Souvan premye akouchman bay plis pwoblèm pase akouchman apre yo. Li ta pi bon pou yon fi fè premye pitit li tou pre yon sant sante. Swiv byen pou ou wè si li gen move siy, epi asire ou gen transpòtasyon disponib sizoka ta gen ijans.

Yon fanm ki fè 5 oswa plis pitit deja ka gen kèk nan pwoblèm nou pral site la a:

- Tranche long
- Matris tòdye (apre yon tranche ki long ak anpil doulè)
- Matris tonbe
- Pitit la nan move pozisyon pou li fèt
- Anpil senyen apre akouchman an



Pou tèt rezon sa yo, li ta pi bon pou yon fanm - ki fè 5 oswa plis pitit deja - ale akouche tou pre yon sant sante.

## Èske li konn fè foskouch oswa avòtman?

### Miscarriage

Foskouch (avòtman sanzatann) se lè manman an pèdi pitit la anvan 6 mwa gwosès; lè sa a pitit la twò piti pou li ta viv san li pa nan vant manman l. Anpil fwa sa rive anvan menm fi a konnen li ansent.

Anpil fwa li difisil pou yon moun konnen ki sa ki lakòz foskouch la, men gen kèk bagay nou ka fè pou evite foskouch. Malarya, maladi enfeksyon moun pran nan fè lanmou, blese, vyolans, epitou estrès (pwoblèm emosyonèl), tout sa se bagay ki ka fè fanm nan pèdi pitit la. Gendelè foskouch la fèt paske fanm nan pase bò kèk pwazon oswa pwodui ki pote danje pou sante.

Pa egzanp, fanm ki travay tè tout tan, ap respire oswa ap travay avèk pestisid - ki ka lakòz yo fè foskouch. Sa fè medam sa yo fè plis foskouch pase anpil lòt fi.

Gen kèk foskouch ki ka evite lè ou trete manman an pou lòt maladi ak enfeksyon, lè ou ede yo chape anba vyolans, epi lè ou ede yo evite sèvi ak pwodui ki gen pwazon. Men gen fanm ki fè foskouch youn apre lòt san ou pa ka konnen pou kisa . Pou ka sa yo, ou dwe chèche jwenn konsèy nan men doktè oswa enfimyè pou ou ka konnen pou kisa , epi pou ou ka ede manman an rive fè pitit la.




Fanm ki travay avèk pestisid Oswa lòt pwodwi ki gen pwazon gen anpil chans pou yo fè foskouch.



## Avòtman

Anpil fanm sèvi avèk remèd fèy ak lòt medikaman pou yo kontwole lè règ yo vini chak mwa, oswa pou yo pa ansent, oswa pou yo ka jete pitit la. Remèd sa yo ka pa gen danje, men se pou ou mande fanm nan si li pa konn gen pwoblèm – tankou doulè, pèdi anpil san, oswa enfeksyon – apre li fin pran remèd fèy, oswa lòt remèd.



Si yon moun ede fanm ansent, oswa fanm ansent lan li menm, fè nenpòt bagay pou li jete pitit la, sa rele avòtman.


Nan peyi kote avòtman legal (kote leta dakò pou moun fè avòtman), gen fason pou yon fanm fè avòtman san danje, epi san sa pa anpeche li fè pitit ankò. Gen 3 kalite avòtman ki ka fèt san danje:

- **Aspirasyon.** Yon travayè la sante sèvi avèk yon aparèy, oswa avèk yon sereng (tankou yon aspiratè) pou netwaye matris la (wè chapit 23, paj 416). Si aspirasyon an fèt byen, li pa gen danje.

- **Dilatasyon ak Kitaj.** Yon travayè la sante netwaye matris la; li grate andedan matris la avèk yon enstriman ki esterilize (ki san mikwòb). Yon fanm ki fè plis pase 3 dilatasyon ak kitaj ka rete ak mak nan matris li ki ka ba li pwoblèm lè li ansent ankò. Pran konsèy nan men doktè ak enfimyè.

- **Avòtman avèk medikaman (avòtman medikal).** Fanm nan pran medikaman ki fòse li jete pitit la epi ki netwaye matris la. Medikaman nou konnen ki bon pou sa: mifepristonn. De (2) jou apre li fin pran mifepristonn nan, li pran yon lòt medikaman ki rele misopwostòl. Ale nan paj 485 pou ou wè kouman ou ka sèvi ak medikaman sa yo san danje.

Nan peyi kote avòtman ilegal (kote leta pa dakò pou fanm fè avòtman), yon fanm ki ap eseye jete pitit ka mete tèt li an danje, oswa li ka al kote yon moun ki pa konn fè avòtman byen. Avòtman ki pa fèt byen ka bay emoraji, move enfeksyon, fè fanm nan pa ka fè pitit ankò, ka menm lakòz lanmò. Ale li nan chapit 22, paj 400, pou ou wè kouman ou ka ede yon fanm ki sot fè yon move Avòtman. Yon fanm ki te malad, blese, oswa ki te senyen anpil apre li te fin fè yon avòtman ka rete ak mak nan matris li ki ka ba li pwoblèm nan gwosès apre yo ak nan akouchman. Li ta pi bon pou li akouche nan, oswa tou pre, yon sant sante.



## Has she had any problems with past pregnancies or births?

Si yon fanm abitye gen pwoblèm nan gwosès anvan yo oswa nan lòt akouchman, gen anpil chans pou li gen pwoblèm nan lòt gwosès ki vin apre.

Mande manman an pou li rakonte tout sa ki te pase li nan lòt gwosès oswa lòt akouchman yo. Kite li di ou tout bagay: ni bon ni move. Apresa, poze li kesyon sa yo nou pral ekri la a; sa ap pèmèt ou konnen plis enfòmasyon sou pwoblèm li te genyen lè li te gwo vant deja, epi pou ou ka konnen kisa ou ap bezwen fè pou li kounye a. Si ou kapab, se pou ou ekri tout sa ou aprann nan sa li di ou. (Liv sa a bay plis detay sou anpil nan pwoblèm sa yo. Vire gade nan paj nou di ou yo pou ou ka jwenn enfòmasyon sou pwoblèm nan).

*Poutèt ou te senyen anpil nan lòt akouchman yo, nou dwe prepare pou si ou ap senyen ankò nan sa*

*M te senyen anpil ak tou de timoun yo. M te fèb anpil pandan plizyè jou apre*



### Èske li te fatige oswa li te fèb (anemi)?

Lè fanm ansent gen bon jan fatig oswa gwo feblès sa kapab paske li fè anemi (li manke fè nan san l). Si li te fè anemi nan gwosès anvan sa a, gen plis chans pou li fè l ankò kounye a. Anemi bay pwoblèm ni nan gwosès ni nan akouchman, men fanm nan ka evite sa si li manje anpil manje ki gen pwoteyin ak fè, epi si li pran remèd ki gen fè (gade paj 116).

### Èske li te fè tansyon?


Si li te fè tansyon nan lòt gwosès anvan yo, gen plis chans pou li genyen li ankò. Tansyon (gade paj 124) ka se yon siy ki endike fanm nan fè eklanmsi.

### Èske li te fè eklanmsi?

Si fanm nan te fè eklanmsi nan lòt gwosès anvan yo, gen plis chans pou li fè li ankò. Detanzantan nan gwosès sa a, se pou ou pran tansyon l, epi chèche wè si li gen lòt siy eklanmsi (gade paj 125). Si li fè eklanmsi, chèche konkou pou li nan sant sante oswa lopital.

### Èske li te fè kriz?

Si fanm nan te fè kriz nan lòt gwosès anvan yo, chèche konsèy nan men yon travayè la sante. Siman li te fè eklanmsi deja (gade paj 181). Gen anpil chans pou li fè li ankò. Poutèt sa, li ta dwe ale akouche nan yon sant de sant oswa nan yon lopital.



### Èske li te fè dyabèt (maladi sik)?

Si li te fè sik nan lòt gwosès anvan yo, gen plis chans pou li genyen li ankò. Si sa posib, li ta dwe al konsilte nan men yon doktè oswa nan men yon travayè la sante. Lè manman an gen dyabèt, sa ka lakòz avòtman oswa lòt kalite pwoblèm pou manman an ak tout pitit la apre akouchman an (gade paj 115).

**Èske tranche a te dire anpil tan, oswa èske li te fè anpil tan ap pouse?**


Èske tranche a te dire plis pase 24 èdtan lè li t ap fè premye pitit li, oswa plis pase 12 èdtan pou lòt pitit li yo (gade paj 186). Èske li te fè plis pase 2 èddtan ap pouse? Mande èske li menm oswa pitit la te gen pwoblèm akòz tout tan li te fè ak tranche a? Si malgre sa, akouchman an te fèt san danje epitou pitit la pat gen pwoblèm, gen anpil chans pou li pa gen pwoblèm fwa sa a nonplis. Si akouchman an te fèt nòmal, mande li si li konnen poukisa tranche a te pran tout tan sa a? Èske li te fè anemi? Èske pitit la te nan move pozisyon oswa pitit la te twò gwo? Èske li te pè? Ou ka bezwen chèche konsèy nan men moun nan sant sante yo.

**Èske li te gen yon tranche tou kout (pi piti pase 3 èdtan)?**

Si manman an te gen yon tranche tou kout lè li t ap fè lòt pitit, se pou ou asire w fi ansent lan ak tout fanmi li konnen kisa pou yo fè sizoka ou pa gen tan rive lakay li anvan li akouche. Ou kapab montre fanmi an kouman pou yo fè yon akouchman lè gen ijans.

**Èske li te gen fistil? (pipi ap koule san rete)**

Si tranche a te sitèlman long jouktan fanm nan gen fistil (yon twou ki pete andedan bouboun nan, epi ki fè pipi ap koule san rete), li dwe ale fè pitit la nan lopital (gade paj 273).



**Èske pitit la te fèt anvan lè?**

Si li genyen yon pitit ki te fèt anvan 8 mwa, mande si li gen vajinoz bakteryen (gade paj 328). vajinoz bakteryen se yon maladi ki ka fè moun fè pitit anvan lè. Prepare ou sizoka pitit sa a vini anvan lè tou, epitou chèche wè si li koumanse gen siy tranche (gade paj 149).

**Èske li te fè ti bebe ki te twò piti (pi piti pase 2.5 kilo, oswa pi piti pase 5 liv)?**

Chèche konnen si pitit la te fèt anvan lè (li nòmal pou ti bebe ki vini anvan lè fèt twò piti). Si pitit la te fèt a lè, mande manman an si li te fè anemi, tansyon, oswa eklanmsi. Epitou, mande li si li te manje bagay ki te gen bon nitrisyon, osinon èske li te konn fimen oswa pran dwòg. Nenpòt nan bagay sa yo ka fè ti bebe a fèt twò piti. Chèche wè si ti moun sa a ki te fèt twò piti a kontinye ap grandi san pwoblèm. Si ou panse timoun sa a toujou rete twò ti kò pou laj li, manman an ta dwe ale akouche nan, oswa tou pre, yon sant sante, paske ti bebe ki fèt twò piti gen chans pou yo gen plis pwoblèm (gade paj 221 ak 256).



**Èske li te fè ti bebe ki te gwo anpil (plis pase 4 kilo oswa plis pase 9 liv)?**

Mande èske akouchman an te difisil. Si akouchman an pat difisil, akouchman kounye a gen chans pou li byen pase tou. Chèche wè si li fè dyabèt (gade paj 115). Pran tan pou ou chèche wè si pitit sa a sanble l ap twò gwo tou. Si li posib, fè manman an fè egzamen pou maladi sik.

### Èske li te senyen anpil pandan ak apre akouchman an?

Si li te pèdi anpil san nan gwosès oswa nan akouchman anvan yo, gen anpil chans pou sa rive ankò. Mande li pou li rakonte ou tout sa li sonje sou kouman senyen an te ye. Èske li te bezwen asistans medikal? Èske li te fè anemi? Èske li te twò fèb pou li te kanpe? Repons li ba ou yo ap pèmèt ou konnen kijan pou ou ede li prepare pou akouchman sa a. Si se posib, yon fanm ki te senyen anpil nan akouchman anvan yo ta dwe ale fè pitit sa a nan yon sant sante. Prepare ou pou ou trete l lè li koumanse senyen apre akouchman (gade paj 224).



### Èske li te gen pwoblèm ak manman vant lan?

Si manman vant lan pat soti byen fasil nan akouchman anvan an (gade paj 227), gen chans pou li gen menm pwoblèm nan ankò. Prepare ou pou ou pran swen li lè l ap senyen. L ap pi bon pou li ale akouche nan yon sant sante.



### Èske li te gen lafyèv oswa enfeksyon nan matris pandan oswa apre akouchman an?

Akouchman sa a ka pase byen, men li gen plis chans pou li gen enfeksyon pase lòt fanm yo. Chèche byen pou ou wè si li gen siy enfeksyon nan bouboun (wè chapit 18, paj 320).

### Èske li te tris apre li te fin akouche?

Si fanm nan te tris apre akouchman an, sa ka rive ankò. Prepare ou pou ede li si sa rive (gade paj 274).

### Èske ti bebe a te malad oswa mouri anvan, pandan, oswa apre akouchman an?

Chèche konnen si ti bebe a te malad oswa mouri.

Si li gen pitit ki te mouri, li ka genyen yon pwoblèm nan san li ki rele enkonpatibilite Rh (gade paj 504). Osinon, ka gen lòt bagay ki te fè ti bebe a (yo) mouri. Chèche wè si manman an fè tansyon wo (gade paj 122), maladi sik (gade paj 115), anemi (gade paj 116), malnitrisyon (gade paj 117), oswa si li gen lòt maladi. Tout bagay sa yo ka lakòz lanmò ti bebe yo. Chèche konsèy nan men doktè ak enfimiyè.

### Èske li gen timoun ki te fèt tou domaje?

- Gen kèk kalite domaj ti moun nan ka pran nan ras. Mande manman an si gen lòt moun nan fanmi li oswa bò kote papa a ki te fèt ak domaj. Timoun ki pral fèt la ka gen menm pwoblèm nan.
- Gen lòt kalite domaj se maladi ki lakòz yo tankou dat/zona (chanpiyon sou po) oswa ribeyòl. Si fanm nan te gen dat/zona oswa ribeyòl nan gwosès anvan yo, gen anpil chans pou pitit sa a fèt domaje. Fanm ansent fèt pou evite rete kote moun ki malad.
- Gen timoun ki fèt tou domaje se paske yon vin an kontak avèk pwodui ki se pwazon pou sante, avèk dwòg, oswa avèk kèk kalite medikaman (gade paj 45 rive nan paj 47).
- Gen timoun ki fèt tou domaje akòz move nitrisyon (gade paj 33 rive nan paj 39).
- Gen timoun ki fèt tou domaje san pèsonn pa konnen pou kisa. Gade paj 266 pou ou jwenn plis enfòmasyon sou timoun ki fèt tou domaje.

## Èske li te fè sezaryèn (operasyon nan akouchman)

Nan yon operasyon sezaryèn, doktè a koupe vant ak matris manman an pou l ka retire pitit la. Lè pitit la fin soti, doktè a rekoud vant lan ak matris la. Pou tèt sa, genyen yon mak/sikatri ki rete sou vant lan ak yon lòt mak ki rete sou matris la. Gendelè, yo oblije fè sezaryèn nan paske pitit la paka pase nan basen an. Gendelè tou yo oblije fè sezaryèn paske pitit la an danje; yo dwe mete li deyò byen vit.

**Atansyon:** Operasyon sezaryèn sove anpil lavi, men gen anpil kote yo fè li twòp – anpil fwa se paske sa gen plis avantaj pou doktè a, oswa paske fanm nan mal konprann epi li panse sezaryèn nan pi fasil. Sezaryèn se yon bagay ki dwe fèt sèlman nan ka ijans.


Anpil fanm ka toujou fè akouchman nòmal (nan bouboun) menm si yo te fè sezaryèn anvan sa. Sepandan genyen yon ti chans tou piti pou mak ki sou matris la ta louvri lè fanm nan koumanse gen tranche. Si sa rive, fanm nan ka senyen pa andedan; lè sa a, manman an ak tout pitit la ka mouri. Pou tèt sa, li pi bon pou yon fanm ki te fè sezaryèn deja ale fè pitit sa a nan, oswa tou pre, yon sant sante osinon nan yon lopital. Si li pito akouche lakay li, fè aranjman pou li jwenn bon jan swen pou sizoka ta gen okenn pwoblèm nan tranche a.

## Si nenpòt nan bagay nou pral di la yo se verite, fa a oblije ale akouche nan yon sant sante:

- Li gen mwens pase dezan depi li te fè sezaryèn.
- Pitit la gwo anpil, epitou li nan move pozisyon nan vant manman an.
- Fanm nan te fè sezaryèn paske basen an pat pran fòm yon timoun. Souvan sa rive paske manman an pa manje bagay ki gen bon nitrisyon.
- Mak/sikatri nan matris la ap monte desann. Malerezman, ou pa konnen kijan mak ki sou matris la ye daprè sa ou wè sou vant lan. Mak ki sou vant lan ka yon jan, alòske mak ki sou matris la yon lòt jan. Sèl fason pou ou konnen se lè ou gade nan dosye medikal nan lopital la, oswa lè ou mande doktè ki te fè sezaryèn nan.



Yon mak ki fèt sou deyò...



...ka gen yon mak ki Kache sou matris la – ki fèt nan direksyon sa a.

• Yon mak ki fèt konsa sou matris la bay plis tranche.

## Èske li an bòn sante?

Yon fanm ki an bòn sante gen plis chans pou gwosès li pase byen. Wè chapit 4, paj 32 pou ou wè kisa pou fanm ansent yo fè pou yo ka rete an bòn sante. Epi, li chapit 18, paj 320 pou ou ka aprann kouman pou fanm yo evite enfeksyon nan bouboun yo. Gen kèk bagay nan kondisyon sante yon fi ki ka lakòz anpil lòt gwo pwoblèm rive lè li ansent.

**Si yon fanm ta souffri avèk nenpòt nan pwoblèm sa yo pandan li ansent,** li dwe chèche jwenn asistans medikal pou yo ka ede ak pwoblèm nan, epi pou yo ka fè li konnen si li dwe ale akouche nan yon sant sante :



- Dyabèt / sik (gade paj 115)
- sida (gade paj 99)
- enfeksyon nan ren oswa nan vesi
- malarya (gade paj 98)
- fyèv ki pi wo pase 38°C (100.4°F) pou plis pase 2 jou (gade paj 178)
- tansyon wo (gade paj 122)
- maladi fwa (tankou epatit - lè fwa a anfle - sitou epatit B, gade paj 336)
- pwoblèm kè
- tibèkiloz ki pa t trete
- domaj nan ranch oswa nan anba do

**Si yon fanm ta MANKE GEN MENM YOUN nan pwoblèm sa yo,** kou li vin ansent, li dwe ale wè yon doktè oswa yon travayè medikal ki gen eksperyans pou l ka konnen si li kontinye genyen menm pwoblèm nan:

- epatit (fwa anfle) (gade paj 336) ·
- enfeksyon nan ren (gade paj 128)
- eklanmsi (gade paj 125) ·
- la fyèv ale retou ·
- tibèkiloz





## Malarya

Malarya se yon enfeksyon nan san ki lakòz moun nan toujou santi fredri epi ki ba li lafyè. Malarya pi popilè nan jenn fi ki sou premye pitit yo, ak fanm ki soufri lòt maladi. Malarya gen plis danje pou fanm ansent pase pou anpil lòt moun. Yon fanm ansent ki gen malarya gen plis chans pou li fè anemi, foskouch, akouche anvan lè, ti bebe twò piti, pitit tou mouri, pitit mouri apre li fin fèt.

Se moustik/marengwen ki simaye malarya. Pou ou pa pran malarya, pa kite moustik pike w.

- Pa kite okenn ma dlo dòmi, epi pa rete kanpe bò kote ki mikte osinon ki imid paske se la moustik yo rete.
- Sèvi ak remèd natirèl pou touye moustik yo. Gen moun ki pase lwil sitwonèl sou kò yo.
- Sèvi ak remèd ki ka repouse moustik yo, sitou douvan jou ak lanjelis (se nan lè sa yo moustik pi renmen pike moun)
- Sèvi ak moustikè ki tou melanje ak remèd ki pou repouse moustik.



## Atansyon! Pa flite remèd moustik

sou dra ak lòt bagay ki pral sou kabann. Tout remèd ki touye bèt nwizib se pwazon. Lave men ou apre ou fin touche moustikè ki melanje ak remèd pou moustik. Siveye pou timoun yo pa ni manyen yo ni mete yo nan bouch yo.

Li enpòtan pou fanm ansent yo evite malarya – oswa yo dwe trete byen vit si yo malad. Remèd malarya ka chè anpil, epi yo ka lakòz lòt pwoblèm; men pito yo pran remèd yo olye pou yo rete malad.

Malerezman, remèd pou trete malarya konplike. Nan anpil zòn, remèd yo te konn sèvi pou anpeche oswa pou trete maladi a pa bay rezilta ankò. Kounye a se lòt kalite remèd yo bay nan anpil peyi nan lemonn : medikaman ki fèk vini oswa plizyè medikaman ki melanje ansanm. Epitou, moun ki fè malarya grav ka pa bezwen menm tretman ak moun ki pa twò grav. Gen kèk remèd pou malarya ki se danje pou fanm ki ansent.

Nan zòn kote malarya ap fè anpil ravaj, yo ka bay tout fanm remèd pou evite maladi grav sa a. Chèche konnen ki remèd depatman la sante rekòmande pou zòn pa ou. Si yon fanm gen tan gen malarya, li dwe trete lamenm. Nan anpil zòn, doktè rekòmande yon remèd ki rele klowokin; fanm ansent ka pran li san danje.

*Pou trete malarya ak klowokin*

*• Bay 600 mg klowokin.....nan bouch yon (1) fwa pa jou pandan 2 jou, epi bay 300 mg klowokin sou twazyèm (3<sup>e</sup>) jou a. Si fanm nan pa ta santi li koumanse fè mye sou dezyèm (2<sup>e</sup>) jou a, li ka bezwen yon lòt kalite remèd.*

*Chèche asistans medikal.*



Klowokin pa bay bon rezilta tout kote. Chèche konnen ki remèd depatman la sante rekòmande pou zòn pa ou a.

Si ou pa ka konnen ki remèd yo rekòmande pou zòn kote ou ye a, ou ka bay melanj remèd nou pral di ou la ; li mache tout kote san pwoblèm, epi li pa gen danje pou fanm ki gen tan gen twa (3) mwa ansent. .

**Pou ou trete malarya apre twazyèm (3<sup>e</sup>) mwa gwosès la**

• bay 300 mg atesinet (artesunate)..... yon (1) fwa pa jou  
pandan sèt (7) jou

epi

• bay 600mg clindamicin (clindamycin) ..... de (2) fwa pa jou pandan sèt (7) jou



There is now a rapid test for malaria. In many places, midwives are being trained to use it to know quickly who should be receiving treatment.

**Viris SIDA (VIH) / Maladi Sida**

Sida se yon maladi ki lakòz kò moun pa ka goumen ak enfeksyon. Mikwòb ki bay sida a se yon ti viris tou piti (yon jèm) yo rele viris sida (VIH). Yon moun ka gen jèm VIH pandan plizyè ane anvan li koumanse malad. Men gen yon lè ki ap rive kote moun nan pral koumanse malad paske viris la pral anpeche kò moun nan goumen ak enfeksyon.

Lè moun nan koumanse malad anpil anpil epi li pa janm refè, sa vle di moun nan gen Sida. Bon jan manje ak kèk kalite remèd ka ede li goumen avèk enfeksyon HIV/Sida a pou pèmèt li viv pi lontan. Men pa gen gerizon pou VIH/Sida. Apre yon tan, moun nan ap vin pi malad, apre li ap mouri.

**Kouman yon moun trape VIH/Sida**

Jèm VIH/Sida a rete nan likid ki nan kò moun ki gen jèm nan – tankou nan san, dechaj, kote ki moye nan bouboun fi, ak lèt tete fi. Jèm sa a simaye lè likid sa yo ale nan kò yon lòt moun. Sa vle di, men ki bagay ki ka simaye jèm VIH/Sida :

Fè lanmou san kapòt ak yon moun ki gen jèm nan.



Yon moun ki pike/blese ak yon zegwi oswa yon zouti ki pa esterilize (ki gen jèm nan )



San kontamine ki tonbe sou yon blese oswa maleng yon lòt moun..



Yon fanm ansent ki gen jèm nan epi ki pase l bay ti bebe a lè li ap fè li oswa lè li ap ba li tete



Nan zòn kote yo pa fè analiz san pou jèm VIH la, moun ka pran jèm nan lè yo ap bay oswa lè yo ap pran san.

Li enposib pou ou konnen si yon moun gen VIH/Sida lè ou gade li sèlman. Gen kote, yo fè yon analiz san, men pi fò moun pa konnen si yo gen maladi a eksepte si yo vin malad anpil. Poutèt sa, li enpòtan pou tout moun pwoteje tèt yo kont VIH/Sida; sèvi ak kapòt (gade paj 302), epi esterilize (detwi) tout mikwòb ki nan zouti ak ekipman yo (gade paj 59).

pregnancy



Si viris VIH la pa andedan kò yon moun, li mouri apre kèk minit. Li pa ka viv nan lè a pou kont ; li pa ka viv nan dlo non pli. Sa vle di ou pa ka bay ni ou paka pran VIH / Sida nan fason nou pral dite la yo :

- Touche, akolad, bo
- Manje nan menm asyèt
- Kouche sou menm kabann
- Sèvi ak menm rad, dra, latrin
- Piki moustik



Ou pa pran ni bay sida si yon moun ki gen jèm nan touche w.

### Fanmsaj ka ede maladi sida sispann simaye

Sida se yon pwoblèm kap vin pi plis tout kote nan lemond. Ou menm ki fanmsaj, ou ka ede pou pwoblèm sa a sispann. Pi bon jan pou ou kapab se lè ou aprann fi ak gason pou yo sèvi ak kapòt.

Menm si moun ki nan zòn nan konnen kijan yon moun ka pran sida, yo ka gen lòt rezon ki fè yo pa pwoteje tèt yo.

- Gen kèk moun, sitou jèn moun epi fanm, ki pa genyen pouvwa pou yo deside ak kilès yo ka fè lanmou. Si yo pa vle fè lanmou, oswa si yo vle sèvi ak kapòt, patnè a ka pa dakò.
- Gen moun ki senpman pa vle sèvi ak kapòt . Yo ka pa renmen jan kapòt la fè yo santi yo. Gen moun ki pa gen kòb pou achete kapòt la, oswa yo rete nan zòn kote li difisil pou jwenn kapòt. Gen moun ki ka pè sèvi ak kapòt paske yo kwè patnè a ka panse yo nan relasyon lòt moun.
- Gen moun ki santi yo san espwa. Si gen anpil moun bò kote yo ki malad oswa ki mouri ak sida, yo panse yo pa ka fè anyen pou sa; pou tèt sa, yo pa menm eseye.

Pwoblèm sa yo pap ka rezoud fasil. Men, sante ak avni nou tout depann sou fen maladi sa a. Chèche mwayen pou pale ak moun epi ankouraje yo pou yo pale youn ak lòt sou ki rezon: sosyal, ekonomik ak espirityèl, ki ka lakòz moun gen difikilte pou yo pwoteje tèt yo kont sida.

Kijan pou m fè mande mari m pou nou sèvi ak kapòt?



Mari m ta sèvi avèk yo men nou pa ka achete yo.

## Swen pou fanm ansent ki gen VIH/Sida

Fanm ki gen jèm sida nan san li ka gen plis pwoblèm lè li ansent. Men ki pwoblèm ou jwenn pi souvan nan fanm ansent ki gen VIH/Sida:

- Foskouch
- Lafyèv ak enfeksyon.
- Enfeksyon (nan bouboun, bouch, oswa nan lestomak).
- Enfeksyon chanpiyon li pwopaje nan fè sèks.
- Pwoblèm apre akouchman an, tankou senyen ak enfeksyon

Sou chak twa (3) timoun yon manman ki gen sida fè, youn nan timoun sa yo fèt ak tout viris la.

Menm si jous kounye pa gen gerizon pou sida, gen remèd ki ka ede moun ki gen Sida viv pi lontan. Gen remèd tou ki ka pwoteje ti bebe ki nan vant manman an kont maladi sida a. Gade paj 335 pou plis enfòmasyon sou tretman Sida. Epitou, li nan paj 293 pou ou aprann kouman pou yo sispann simaye viris lè yo gen timoun nan tete.

Li enpòtan pou fanm ansent ki gen Sida jwenn tretman pou maladi a, epi pou yo jwenn bon jan swen pandan gwosès la. Chèche jwenn swen medikal nan zòn nan. Si zòn nan gen yon bon sant sante ki gen tout materyèl li dwe genyen, fanm nan ka ale akouchè la.

### Moun ki gen sida merite respè

Paske Sida touye moun san gade dèyè, tout moun pè maladi a. Poutèt sa, lòt moun maltrete moun ki fè maladi a. Move treman sa pap fè maladi sida a sispann simaye ; sa sèlman lakòz plis soufrans. Ou menm ki fanmsaj, ou dwe respekte fanm ansent ki malad ak sida, epi ba yo bon jan swen. Sa va yon egzanp pou lòt moun ki nan kominote a. Sa vle di ou pa janm dwe di yon lòt moun pasyan sa a gen sida.



### Èske fanm nan te pran vaksen kont tetanòs ? Kilè ?

Jèm tetanòs rete sitou nan fimye oswa nan pou pou, donk moun ki gen maleng oswa yon blese kèlkonk ka pran tetanòs si li pa veye kò l. Yon manman ka trape tetanòs si yon moun ta mete yon bagay ki pa esterilize (ki gen mikwòb) andedan matris li oswa andedan bouboun li - oswa lè l ap fè yon avòtman, oswa lè l ap akouchè, oswa apre li fin akouchè. Yon ti bebe ka pran tetanòs si kòd lonbrit li ta koupe ak zouti ki pa esterilize, oswa si kòd la ta pran nan salte.

## Èske fanm nan te pran vaksen kont tetanòs ? Kilè ?

Jèm tetanòs rete sitou nan fimye oswa nan pou pou, donk moun ki gen maleng oswa yon blese kèlkonk ka pran tetanòs si li pa veye kò l. Yon manman ka trape tetanòs si yon moun ta mete yon bagay ki pa esterilize (ki gen mikwòb) andedan matris li oswa andedan bouboun li - oswa lè l ap fè yon avòtman, oswa lè l ap akouche, oswa apre li fin akouche. Yon ti bebe ka pran tetanòs si kòd lonbrit li ta koupe ak zouti ki pa esterilize, oswa si kòd la ta pran nan salte.

### Vaksen tetanòs

Tout moun dwe pran vaksen tetanòs. L ap pi bon si moun nan pran vaksen sa yo lè yo timoun, pou yo ka evite maladi.

#### Bay vaksen tetanòs yo dapre kalandrye sa a :

- *Premye vaksen: pi bon pou bay timoun, men ou ka bay li nenpòt lè*
- *Dezyèm vaksen : 4 semenn apre premye vaksen an*
- *Twazyèm vaksen : pou pi piti pran li 6 mwa apre dezyèm vaksen an*
- *Katryèm vaksen : 1 (youn) rive 3 zan apre twazyèm vaksen an*
- *Senkyèm vaksen : 1 (youn) rive 5 an apre katryèm vaksen an* After these injections, everyone needs another injection at least once every 10 years.



#### Aprè pòsyon vaksen sa yo, chak moun dwe pran yon lòt vaksen pou pi piti chak 10 zan

Moun ki pran tout vaksen sa yo pap pran tetanòs menm si yo rete kote lòt moun ki gen maladi a.

Fanm ansent ki pat pran tout dòz vaksen ki nan lis anlè a dwe pran de (2) vaksen nan kat (4) semenn. Vaksen sa yo ap pwoteje fanm nan pou sèlman twa (3) zan. Poutèt sa, si ou pa ka wè fanm nan souvan pou ou ta ba li tout vaksen yo, ou dwe bali de (2) lòt vaksen lè li vin ansent ankò.

Vaksen sa yo ap pwoteje ou ak tout pitit pou kèk tan.

Dakò!



#### Pou ou pwoteje fanm ansent yo kont tetanòs

- *Premye vaksen: bay fanm nan vaksen sa a sou premyè vizit li*
- *Dezyèm vaksen: l ap pi bon si ou bay fanm nan vaksen sa a sou kat (4) semèn apre premya a, oswa pa pi piti pase (4) semenn anvan li akouche. Pa gen danje si ou deside bay fanm nan dezyèm dòz la pi bonè.*



Lè fanm ansent pran vaksen, sa pwoteje ti bebe a tou pou li pa pran lafyèv tetanòs de twa semèn apre li fin fèt. Men apres, fòk ti bebe a vaksinen pou li ka toujou pwoteje kont maladi a.

Li difisil pou ou konnen kantite pwoteksyon yon fanm gen tan genyen kont tetanòs. Anpil moun ki te gen tan pran vaksen sa yo pa sonje ni si yo te pran yo ni si yo pat pran yo. Lè ou pa konnen si yon moun te pran vaksen, fè kòm si li pat janm pran. Lè fanm yo ansent, ba yo vaksen – yon vaksen an plis pap fè yo ditò.

## Èske l ap pran remèd kounye a - pandan li ansent lan?



Li pi bon pou yon fanm ansent pa ta pran remèd fèy oswa remèd ki fèk parèt. Gen anpil remèd ki ka deranje ti bebe a andedan matris manman l.

Si yon fanm ansent bezwen pran yon remèd, li nan paj vèt yo ki nan fen liv sa a kote ou ka wè si remèd la bon pou fanm ansent. Si remèd la pa nan lis la, chèche konsèy nan men doktè ak enfimiyè


## Sipleman ak fòtifyan (vitamin)

**Sipleman** oswa **fòtifyan** se remèd/vitamin ki fèk parèt ak remèd ki fèt ak fèy epi ki pa lakòz okenn danje pou fanm ansent. Vitamin pou fanm ansent ak grenn ki gen fè se remèd ki bon anpil, epi yo pa lakòz okenn danje. Yo ede fanm nan jwenn vitamin ak mineral ki nesèsè pou kò l.

Gen fèy ki pa remèd pou geri maladi, men ki ka fòtifye kò moun. Fèy sa yo gen vitamin ak mineral ki ede ti bebe a grandi. Yo pa gen danje epi yon ede fan ansent lan anpil. Kèk nan fèy sa yo rele oti, trèf, epi franbwaz wouj. Fèy sa yo pa gen menm non tout kote nan lemond; se pou tèt sa ou dwe mande moun ki konn remèd fèy byen anvan ou bay yon fanm ansent youn nan fèy sa yo.

*Pikan ki nan pye oti yo genyen kalsyòm, vitamin K, asid folik, ak anpil lòt bon vitamin nourisan*

*Kouvri men ou lè ou ap keyi yo, pou ou pa pike*



## Èske li konn gen pwoblèm avèk remèd?



Aprè fanm nan fin pran remèd sa yo, si yo lakòz li gen gratèl, kò anfle, oswa li ta gen pwoblèm respirasyon, **pa ba li remèd sa a**. Pwoblèm sa yo se siy ki montre li fè alèji ak remèd la. Si fanm nan fè alèji ak yon remèd, li ka tonbe malad grav oswa li ka menm mouri. Toutotan l ap viv, alèji a ka aji sou li nenpòt ki lè.

Ekri non remèd la pou nou tou de (2) ka sonje l. Eksplike fanm nan li pa dwe janm pran remèd sa a ankò, epi li dwe toujou fè doktè oswa lòt travayè la sante konnen sak te rive lè li te pran remèd la.

**Atansyon:** Gen kèk remèd ki menm « fanmi ». Yo sanble anpil. Pa egzanp, penisilin ak anpisilin soti nan menm fanmi. Se sak fè yo prèske gen menm non. Si yon fanm fè alèji ak youn nan remèd sa yo, li ka byen fè alèji ak yon lòt ki soti nan menm fanmi an. Gade paj 470 pou ou ka jwenn plis enfòmasyon.

Pa gen danje si yon fanm ansent oswa nenpòt moun pran medikaman ki pas soti nan menm fanmi ak sa ki ba yo alèji a

## Ki lòt pwoblèm nan lavi li ki ka aji sou gwosès la ak sou akouchman an ?

### Lajan

Razè ka lakòz anpil pwoblèm pou medam yo ak tout fanmi yo. Sa ka bay nan kò, tankou manke lanouriti. Epi sa bay pwoblèm emosyonèl tankou estrès, lapèrèz, ak tristès. Tout pwoblèm sa yo ka bay tèt chaje ni nan gwosès la, ni nan akouchman an, ni nan leve timoun.

Lè yon fanm ansent, li bezwen omwen de (2) bagay : manje ki gen bon nitrisyon ak yon kote pou li jwenn swen sante.

Si moun ou ap ede a pa ka peye pou bagay sa yo, ede li jwenn yo oswa prete yo


### Nan sityasyon l ap viv la

- Èske li ka jwenn yon kote prive ki byen pwòp pou li akouche?
- Èske gen dlo potab (dlo pwòp pou moun bwè)?
- Èske gen moun nan kay la ki gen maladi li ka trape?
- Èske gen moun ki fimen nan kay la? Èske genyen rechwa oswa fouye dife andedan kay kap bay lafimen? Lafimen sa a pa bon menm.

### Ede li jwenn yon kote ki pwòp epi ki san danje pou li akouche.

### Distans lakay li ak sant sante a'

- Èske li ka vini nan sant la pou ou egzaminen gwosès la? Èske ou ka ale lakay li?
- Si li rete lwen, èske ou ka montre li kijan pou li fè kèk nan egzaminen kò li poukont li?
- Ki distans sant akouchman an, klinik la, oswa lopital la ye? Èske li bezwen rete yon kote ki pi pre lè akouchman an prèske rive?
- Èske gen telefòn oswa radyo (wòki tòki) pou li ta rele si li gen ijans?



## Travay

- Ki kantite travay li fè nan kay la oswa lòt kote li travay?
- Èske li jwenn tan pou li repoze?
- Èske travay li mete lavi li an danje – tankou kontak ak pwodi chimik (pwazon)? (gade paj 47). Èske li kan pran jwenn pwoteksyon kont danje sa yo?



Li enpòtan pou yon fanm ansent gen rekreyasyon nan travay li detanzantan. Li dwe manje, bwè, pipi souvan. Yo pa dwe fòse li redi sou kò li twòp nan travay la.



## Fanmi

Mari ak lòt manm fanmi yo ka enkouraje epi bay fanm nan bon jan sipò pandan l ap pote bebe a. Yo ka ede ak travay nan kay la, pran swen lòt timoun yo, ede fanm nan jwenn ase manje, tan pou l repoze, epi pataje kè kontan fanm ansent lan.

## Gen fanm ki bezwen plis atansyon

Fanm ki pa jwenn twòp sipò nan fanmi yo, ki pa gen mari, oswa mari a pa ba yo bon jan sipò, fanm sa yo bezwen plis swen.

**Pi fò fanm kap viv san mari se** bon jan manman ki pran swen pitit yo byen. Men lavi a ka pi di pou yo pase fanm ki marye yo. Gen moun ki meprize fanm ki fè pitit san papa; yo pretann fi sa yo se vye moun ki pa gen moral – san yo pa menm chèche konnen pwoblèm medam sa yo. Nou dwe bay manman sa yo byenveyans yo merite; epi ba yo plis swen si yo pa gen fanmi ak zanmi pou ede yo.



**Manman ki trè jenn** anpil fwa antre nan mariay fòse, men se ak gason ki toujou twò gran pase yo. Ti jenn fi sa yo bezwen atansyon espesyal.

**Gen fanm ki ansanm ak gason kap maltrete yo**, ki bwè tafya oswa ki nan dwòg, ki pa janm nan kay la, kap fè lanmou ak lòt moun; fanm sa yo bezwen atansyon nan men manm fanmi yo, zanmi yo ak oumenm. Yon fanm ka bezwen kite gason li genyen an, oswa li ka vle rete avèk li jouktan li jwenn yon kote ki san danje pou li ale.

Wè liv yo rele **Kote Fanm Pa Jwenn Doktè** pou ou ka li plis enfòmasyon sou gason kap maltrete fanm.


### Fanmi sove lavi

Mari ak fanmi fanm ansent lan se moun ki pi enpòtan lè ou ap fè preparasyon pou ka ijans. Chèche konnen si fanm nan bezwen pèmisyon anvan li ka resevwa asistans medikal nan ka ijans. Pa egzamp, si nan kominote a, mari a dwe bay pèmisyon pou madanm li ale nan sant sante oswa lopital, mari a dwe bay pèmisyon depi nan gwosès la. Konsa, si mari a pa ta la lè fanm nan gen tranche, yo pap bezwen pran reta pou yo koumanse bay fanm nan swen.

Montre mari a, bèlmè a, oswa lòt fanmi ki rete pre tout siy ki pou avize yo fanm nan bezwen swen medikal.

#### Fè atansyon ak siy sa yo ni nan gwosès ni nan akouchman an – chèche jwenn asistans medikal byen vit !

- Lè li kase lèzo bonè epi yon jou gen tan pase san li pa gen tranche (gade paj 175)
- Tranche a twò long – plis pase yon jou (gade paj 186)
- Li koumanse bay siy eklanmsi (gade paj 125)
- Li gen enfeksyon (gade paj 178)
- Lap bay anpil san (gade paj 224)



### Prepare pou mwayen transpò

Nenpòt fanm ka gen pwoblèm byen konplike ki bezwen asistans medikal. Si yon fanm ap bay anpil san, si li gen enfeksyon, eklanmsi, oswa kèk lòt pwoblèm grav pandan li gen tranche epi lè lap pouse pitit la, li ka difisil pou li jwenn swen medikal nan ijans si fanmi an rete lwen ak sant medikal la. Si fanmi an rete lwen epi yo pa gen machin, yo ka pa gen mwayen pou yo ale. Epi tou, yo ka pè ale lopital la si yo pòv epi yo pa gen mwayen pou yo peye lajan lopital la pral mande a..

Si tout moun tann jouktan yon pwoblèm rive pou yo chèche konnen kouman yo ap fè jwenn asistans medikal, ka pa gen okenn solisyon. Men, si gen preparasyon ki

fèt anvan akouchman an rive – pandan fanm nan ansent lan – ni fanm nan, ni fanmi an, fanmsaj la, ak tout kominote a ka fè preparasyon pou sove lavi fanm nan oswa ti bebe a. Fè plan pou nou jwenn mwayen transpò anvan akouchman an; fè sa pou chak fanm ansent. Lè ou ap fè plan sa a, fè fanmi an ak lòt moun nan kominote a patisipe.





Dwe genyen yon plan nan kominote a ki prevwa solisyon pou tout pwoblèm transpòtasyon ki ka anpeche yon moun jwenn asistans medikal lè li gen bezwen. Pou ou ka konprann pwoblèm sa yo, se pou ou pale ak lòt fanmsaj ki te konnen fanm ak timoun ki mouri nan tranche oswa nan akouchman. Pale ak moun ki pèdi ti bebe oswa fanm ansent nan fanmi an. Chèche konnen ki lè fanmsaj la oswa fanmi an te konnen genyen yon pwoblèm, epitou konbyen tan yo te rete ap tann anvan pou yo te jwenn asistans. Chèche konnen pou kisa



Gen anpil rezon ki ka lakòz fanmsaj la oswa yon manm fanmi an gen reta pou jwenn swen an ijans:

- Fanm nan, fanmi l, ak moun nan kominote a ka kwè fòk mari a, oswa yon lòt manm nan fanmi an, bay fanm nan pèmisyon pou li chèche swen.
- Fanmsaj la ka pè pou moun nan sant medikal la pa di se li ki responsab pwoblèm ki rive a.
- Fanmi an oswa fanmsaj la ka santi pa gen okenn espwa – yo panse ale nan sant medikal la pap regle anyen ankò.
- Fanmi an ka pa gen lajan.
- Ka pa gen machin, kamyon, oswa lòt mwayen transpòtasyon
- There may be no car, truck, or other transportation.

Aprè nou fin site pou kisa moun nan kominote a pa jwenn èd, chèche solisyon. Ou ka jwenn solisyon nan fanmi an menm. Si mari a dwe bay pèmisyon pou fanm nan al lopital, li ka bay pèmisyon sa a davans pou si zanka li pa la lè fanm nan gen tranche. Gen pwoblèm ki ka gen pi bon solisyon lè se tout kominote a ki mete bouch ansanm. Nan kèk ti zòn, tout fanmi mete yon ti kòb ansanm chak ane. Nenpòt moun nan kominote a ki ta bezwen èd medikal ka pran nan lajan sa a pou peye transpòtasyon pou ale nan yon sant medikal lè gen ijans.

Si tout moun rive konprann soufrans yon fanm ki gen tranche, yo ka mete tèt yo ansanm pou ede fanm yo jwenn bon jan swen medikal. Nan pale avèk fanmi ak lòt moun nan kominote a - sou zafè pwoblèm lè gen ka ijans -, ou ka ede yo fè yon plan ki mache.

